



Haitian Creole Edition
Grade 7 Mathematics Test, Book 2
March 12–16, 2007

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 2

Ane

7

12–16 mas 2007

Non _____



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2007 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstwiksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Ou ka sèvi avèk enstriman pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si w montre travay ou.
- Sèvi ak kalkilatris ou pou ede rezoud pwoblèm ki nan pati sa a nan egzamen an.




Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou.

Fich Revizyon Matematik


FÒMIL



Sèk

$$\text{Sipèfisi} = \pi r^2$$

$$\text{Sikonferans} = 2\pi r$$



Kib

$$\text{Sipèfisi Total} = 6s^2$$


$$\text{Volim} = s^3$$



Silend Sikilè Dwa

$$\text{Sipèfisi Total} = 2\pi rh + 2\pi r^2$$


$$\text{Volim} = \pi r^2 h$$



Prism Rektangilè Dwa

$$\text{Sipèfisi Total} = 2wl + 2lh + 2wh$$

$$\text{Volim} = lwh$$



Prism Triyangilè Dwa

$$\text{Sipèfisi Total} = wh + lw + lh + ls$$

$$\text{Volim} = \frac{1}{2}wh \times l$$

KONVÈSYON

1 santimèt = 10 milimèt

1 mè = 100 santimèt = 1.000 milimèt

1 kilomèt = 1.000 mè

1 gram = 1.000 milligram

1 kilogram = 1.000 gram

1 liv = 16 ons

1 tòn = 2.000 liv

1 tas = 8 ons likid

1 pent = 2 tas

1 ka = 2 pent

1 galon = 4 ka

1 lit = 1.000 mililit

1 kilolit = 1.000 lit


Pwogram Egzamen Leta Nouyòk

31

Tanperati nan St. Cloud, Minnesota, te -4°F (Farenrayt) pou 27 janvy epi 13°F pou 28 janvy.

Pati A

Sou dwat nimerik ki anba a, reprezante tanperati yo pou 27 janvy ak 28 janvy. Asire ou mete lejann sou toulède pwen yo avèk dat apwopriye a.



Pati B

Konbyen degre pi cho tanperati a te ye pou 28 janvy pase 27 janvy?

Montre travay ou.

Repons _____ $^{\circ}\text{F}$

Kontinye

Tablo ki anba a montre enfòmasyon jeyografik konsènan Antatik.

ANTATIK

Sipèfisi	$1,4 \times 10^7$ kilomèt kare
Pi ba altitud	$-2,56 \times 10^3$ mè


Ekri nonb yo, sou fòm estanda, pou zòn nan ak pi ba altitud Antatik.

Repons sipèfisi _____ kilomèt kare

pi ba altitud _____ mè

33

Chris dwe pentire tank silendrik ki endike anba a.



[pa trase selon echèl la]

Pati A

Ki sipèfisi **tout** tank lan ki awondi nan inite pye kare ki pi pre a?

Montre travay ou.

Repons _____ pye kare

Pati B

Yon bwat penti ap kouvri 25 pye kare. Konbyen bwat penti Chris dwe achte pou li pentire tout sipèfisi tank lan?

Montre travay ou.

Repons _____ bwat penti

Kontinye

34

Juan ale nan yon kanaval. Frè admisyon an se \$8. Tikè pou frè chak trajè se \$4. Juan bezwen yon tikè pou chak trajè. Ekri yon ekwasyon Juan ka itilize pou detèmine kantite tikè trajè, r , li ka achte si li gen \$32 anvan li peye frè admisyon an.

Ekwasyon _____


Avèk ekwasyon ki anwo a, jwenn kantite tikè Juan ka achte.

Montre travay ou.

Repons _____ tikè trajè

35

Kach-po ki anba a gen 8 liv tè.



Estime pwa tè ki nan kach-po a lè kach-po a plen nèt.

Estimasyon _____ liv

Sou liy ki anba yo, dekri kouman ou ka estime pwa tè a san w pa sèvi ak yon règ.

Kontinye

Depatman sèvis kliyantèl yon konpayi lojisyèl note kantite apèl telefonik li resewwa pa jou konsènan yon nouvo pwodui. Tablo ki anba a montre enfòmasyon ki note chak jou pandan premye semenn nan ak dizyèm semenn nan.


KANTITE APÈL TELEFONIK

Jou	Semenn 1	Semenn 10
Lendi	38	23
Madi	41	17
Mèkredi	36	20
Jedi	29	19
Vandredi	32	14

Sou griy ki anba a, kreye yon graf ba doub ki montre kantite apèl telefonik ki resevwa chak jou pandan premye semenn nan ak dizyèm semenn nan.

Asire ou



- mete tit nan graf la
- mete lejann sou aks yo
- bay yon lejann apwopriye pou graf la
- bay yon echèl pou graf la
- reprezante tout enfòmasyon yo



Kontinye

37

Dean te note kantite moun ki vizite sit wèb li a chak jou pandan yon semenn. Li te reprezante enfòmasyon yo sou graf nan de fason diferan.



Ki graf ki gen erè pami de graf yo?

Repons _____

Sou liy ki anba yo, eksplike rezon ki fè graf ou te chwazi a gen erè ladan.

Kontinye

Tablo ki anba a montre kantite jou Tèrès ki nesèsè pou de lalin Jipitè vire toutotou Jipitè.

LALIN JIPITÈ

Non	Tan Òbit (an Jou Tèrès)
Kalisto	$1,67 \times 10^1$
Temisto	$1,3002 \times 10^2$

Konbyen **tan**, an jou tèrès, Temisto ap pran pou li vire toutotou Jipitè pase tan Calisto ap pran pou vire toutotou Jipitè? Ekri repons ou sou fòm estanda.

Montre travay ou.

Repons _____ jou tèrès

RETE LA

Place Student Label Here



Ane 7
Egzamen Matematik
Liv 2
12–16 mas 2007

Grade 7
Mathematics Test
Book 2
March 12–16, 2007